# Шымбай районлық Кеңесиниң гезексиз он бесинши сессиясы болып өтти

Усы жылдың 7-ноябрь күни халық депутатлары Шымбай районлық Кеңесиниң гезексиз он бесинши сессиясы болып өтти.

Сессияның күн тәртибинде шөлкемлестириў мәселеси көрип шығылды.

Сессия жумысына Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы М.Камалов қатнасты ҳәм шығып сөйледи.

Image not found or type unknown

Сессияда районды социаллық-экономикалық жақтан раўажландырыў, халықтың саламатлығын қорғаў, район халқының жәрдемге мүтәж қатламын қоллап-қуўатлаў, исбилерменликти раўажландырыў, бюджет дәраматларын арттырыў ҳәм сырт еллерде мийнет етип, коронавирус пандемиясы себепли қайтып келген пуқараларды жумысқа орналастырыў, жаслар ҳәм ҳаял-қызлардың машқалаларын шешиў сыяқлы әҳмийетли ўазыйпаларға айрықша итибар қаратылды.

Image not found or type unknown

Сессияда район ҳәкими лаўазымына усы күнге дейин Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының Финанс, экономика ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў мәселелери бойынша 1-орынбасары, Экономикалық раўажланыў ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў министри лаўазымларында ислеп келген Тажетдинов Айбек Алтынбековичтиң кандидатурасы усынылды.

Image not found or type unknown

Усынылған талабан районлық Кеңестиң бир қатар депутатлары тәрепинен қоллап-қуўатланды.

Сессияда Тажетдинов Айбек Алтынбекович Шымбай районы ҳәкими лаўазымына тайынланды ҳәм өзиниң бар билим ҳәм тәжирийбесин районды ҳәр тәреплеме раўажландырыўға, халықтың турмыс шараятын жақсылаўға, районда кәмбағаллықты қысқартыўға, исбилерменликти қоллап-қуўатлаўға ҳәм оларға қолайлы шараятлар жаратыўға, машқалаларды унамлы шешиўге жумсайтуғынлығын атап өтти.

Усының менен халық депутатлары Шымбай районлық Кеңесиниң гезексиз он бесинши сессиясы өз жумысын жуўмақлады.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң баспасөз хызмети